Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 31 май Рузман №26 (7840) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## *Нух битIаги нужее, выпускникал!*

**Къоло щуабилеб маялда районалъул школазда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIоритIана ахирисеб цIумур кьабиялда хурхарал тадбирал. Ахирисеб цIумур кьабулеб къо - гьеб ккола выпускниказе талихIаб лъугьа-бахьин, гIумруялъул нухде гали тIамулеб къо. Кидаго гIадин, выпускниказда байрам баркизе росабалъе щвана райадминистрациялъул ва лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби, депутатал ва бакIалъулал администрациябазул бутIрул.**

**Агъвали.** Исана Агъвали гимназиялъул лъебералда цо выпускникасе кьабуна ахирисеб цIумур.

Выпускниказда байрам баркизе тадбиралде рачIун рукIана лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова ва финансовияб отделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадов.

Баркиялъулаб кIалъайгун тадбир рагьана гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас.



Гимназиялъул дирекциялъ грамотаби ва премияби кьун кIодо гьаруна республикаялъулал конкурсаздагун олимпиадабазда ва спортивиял кьецазда лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъаби.

Баркиялъулал кIалъаял гьаруна лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ, финансовияб отделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадовас, 1964 соналъ Агъвали школа лъугIарав педагогикияб захIматалъул ветеран ГIабдула Зубаировас, цIалул рахъалъ гимназиялъул директорасул заместитель Саида ХIамзатовалъ, учительзаби ПатIимат ЗулхIужаевалъ ва ПатIимат Зиявдиновалъ. Умумузул рахъалъан выпускниказда байрам баркана Асият Ибрагьимовалъ.



КIалъазе рахъарал выпускниказ кIудияб баркала загьир гьабуна анцIила цо соналъ жидее тарбиягун лъай кьурал учительзабазе, гьарана гьезие бачIунеб гIел куцазе жеги щулияб сахлъи ва халатаб гIумру. Цинги кьер-кьерал тIугьдузул квацIабигун тIаде щвана байрамалъе хасаб берцинлъи кьурал тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби. Выпускниказдаса жал чIухIарал рукIин бихьизабулаго гьитIичазги, гьездаса рохарал выпускниказги гьаруна цоцазе сайгъатал.

Тадбиралъул ахиралда выпускникасе кьабуна ахирисеб цIумур, рахьана ракIалде щвеялъе суратал, тIобитIана ихтилат-кеп.

**Хушет.** 25 маялда Хушет росдал школалъул азбаралда букIана кIудияб чIаголъи. Ахирисеб цIурмил байрамалде берцинго кьачIараб школалъул азбаралде ракIарун рукIана цIалдохъабигун мугIалимзаби ва росуцоял. Гьезул гьурмазда кенчIолеб букIана разилъи ва байрамалъулаб гьими. Выпускниказда рохалилаб байрам баркизе гьезухъе рачIана хIурматиял гьалбал: районалъул бетIер Шамил ГIумаров, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов.



Рохалилаб байрам баркун кIалъазе вахъана районалъул бетIер Шамил ГIумаров. Гьес выпускниказда ва киналго цIалдохъабазда баркана рохалилаб байрам, гьарана гьезие сахлъи ва рохел, росдал ва районалъул кьадру-кьимат борхатго цIунулеллъун рахьине. Жиндирго кIалъаялъул районалъул бетIерас бицана Хушет росдал социалияб рахь лъикIлъизабиялъе районалъул нухмалъиялъ гьабулеб хIалтIул.

КIалъазе вахъарав ГIабдурахIман Камиловас выпускниказда баркана байрам, гьаруна гьезие малъа-хъваял. Гьединго ГIабдурахIманица хушетисезе божилъи кьуна районалда лъикI гIуцIарал росабазул цояблъун Хушет росу букIизе бугилан, гьелъие жинцаги хIалтIи гьабизе бугилан.



Тадбиралъе пашманлъиялъул ва чIухIиялъул асар гьабуна Украиналда хасаб рагъулаб операциялда бахIарчиго кьадаралде щварал, хун хадур «За мужество» орденалъе мустахIикълъарал росуцоял Ахъбулатов Ражаб ва Кьурбанов Байгъакъ адабиялъ кIочонареллъун хутIизе школалъул кьеда рарал мрамораалъул кьанал официалияб кьагIидаялъ рагьиялъул лахIзаталъ. Гьел рагьулаго кIалъазе рахъарал Шамил ГIумаровас ва ГIабдурахIман Камиловас баркала загьир гьабуна бахIарчиял васал гIезарурал эбел-инсуе, гьел куцараб школалъе ва росдал жамагIаталъе. ГIабдурахIманица гIарцулал сайгъатал гьаруна гьезул эбел-инсуе.

БахIарчиго хварал росуцоязул бицун ва выпускниказда байрам баркун кIалъазе рахъана росдал бетIер Мурад Окиев, школалъул директор Магьди Закарьяев, учитель Ханмирза Закарьяев ва цогидалги.

# Нух битIаги нужее, выпускникал!

**Гьигьаль.** Унго-унгояб аваданлъи ва берцинлъи гIуцIун букIана Гьигьаль школалда



выпускниказул байрамалде. Выпускниказде баркиялъулаб кIалъайгун тадбир рагьана школалъул директорасул заместитель МухIамад АбутIалибовас.

Баркиялъулаб кIалъай гьабуна школалъул директор МухIамад МухIамадкеримовас, Алипат АбутIалибовалъ, Тутахъай ВахIидовас, Рашидат ХIажимухIамадовалъ.

Выпускниказда байрам баркизе росулъе рачIун рукIана 1963 соналъ Гьигьаль школа лъугIарав лайкьеялъул отделалъул методист МухIамад ХIажиев ва гьебго школалъул 1981 соналъул выпускник, райадминистрациялъул спорталъул ва гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров. Гьез выпускниказе гьаруна насихIаталъулал кIалъаял, гьарана гIумрудул нухда икъбал ва талихI.

Эбел-инсул рахъалъан выпускниказда байрам баркун, гьезие икъбалгун талихI гьарун, учительзабазе баркала кьун кIалъазе яхъана ШугIайнат ХIабибова.

ЦIалул ва спорталъул церехъаби кIодо гьаруна грамотабаздалъун ва медалаздалъун. Гьединго Баркалаялъул кагътаздалъун кIодо гьаруна цо-цо цIалдохъабазул эбел-эмен.

Тадбир ана гIуцIадго ва берцинго.

**ТIисси-Ахикь.** Росдада цебе бугеб рагьараб спортивияб комплексалда тIобитIана ТIисси-Ахикь школалда «Ахирисеб цIумур» абураб рохалилаб линейка. ГIадатлъун бильъараб гьеб тадбир выпускниказе букIана рохалилаб, хIайран гьарулеб ва цодагьаб пашманаб.



Берцинго къачIа-кIатIан рачIарал цIалдохъабаз гвангъизабун букIана гьениб сверухълъи. Баркиялъулаб кIалъайгун тадбир рагьана школалъул директор Мухтар МухIамадовас.

Выпускниказда байрам баркизе рачIун рукIана райадминистрациялъул ва лъайкьеялъул управлениялъул вакилзаби Берцинай КъурамухIамадова ва ПатIимат ГъазимухIамадова.

Учительзабаз, эбел-инсуца ва гьединго тIаде рачIараз выпускниказда баркана байрам, гьарана гьезие икъбал ва талихI, гьаруна насихIаталъулал кIалъаял.

Школалъул директор Мухтар МухIамадовас цIалул отличникал кIодо гьаруна грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун.

Тадбир ана гIуцIадго.

. . . . . . . . .

**Гьадири.** Исана Гьадири росдал гIаммаб лъайкьеялъул школалъул анкьго выпускниказе кьабуна ахирисеб цIумур. ЦIалдохъабазул рохел гIахьал гьабизе берцинго къачIараб школалъул азбаралде рачIарал эбел-инсул ва цIалдохъабазул гьурмазда кенчIолеб букIана рохалилаб гьими.

Тадбиралда гIахьаллъана райадминистрациялъул централияб бухгалтериялъул нухмалъулев Арсен Сажидов ва районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул директорасул заместитель МухIамадсаид АхIмадов.

Выпускниказда байрам баркун тадбир рагьана школалъул директор Зарема Шамсудиновалъ. Гьелъ выпускниказе гьарана обществоялъе пайдаяллъун рахъине сахлъи, рохел ва талихI, гIумрудул нухда битIккей.

Учительзабазда ва цIалдохъабазда байрам баркун кIалъазе рахъана Арсен Сажи-



дов, ПатIимат МуртазагIалиева, Париза Шамсудинова ва цогидалги. Школалъул дирекциялъ грамотабаздалъун кIодо гьаруна цIалул церехъаби.

РекIелъ рохалилаб асаргун выпускниказе кьабуна ахирисеб цIумур.

Нух битIаги нужее, выпускникал!

. . . . . . . . .

**Эчеда.** Исана Эчеда росдал гьоркьохъеб гIаммаб лъайкьеялъул школа лъугIун кьватIиве ине вуго школалъул



анлъго цIалдохъан, щугоясул лъугIулеб буго ичIго класс. Гьезда ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбиралда гIахьаллъизе ва байрам баркизе рачIун рукIана райадминистрациялъул ва лъайкьеялъул управлениялъул вакилзаби. Выпускниказда байрам баркун кIалъазе рахъана школалъул директорасул ишал тIуралев МухIамадкамил ЖахIпаров, районалъул газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибиров. Тадбир бачулелъ цIалана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъул выпускниказда байрам баркун хъвараб кагъатги. Эбел-инсул рахъалъан выпускниказда байрам баркун кIалъазе яхъана Аминат Мирзабекова.

Школалъул дирекциялъ грамотабаздалъун кIодо гьаруна цIалул ва гIадлуялъул рахъалъ церетIурал цIалдохъаби. Гьез ва лъималазул ахикь куцалез пасихIго цIалана кучIдул, гьаруна цоцазе сайгъатал.

Выпускниказе ахирисеб цIумур кьабуна выпускник Мирзабег Бадрудиновас ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъан ГIубайда МухIамадрасуловас.

## 28 май- гIурхъи цIунулесул къо

# ГIурхъи цIунулезухъе щвана

ГIурхъи цIунулесул къо баркизе 28 маялда Гьакъо ва Метрада ругел заставабазде щвана райадминистрациялъул вакилзаби бетIералда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновгун. КIиябго бакIалда тIоритIана рохалилал данделъаби. Байрам баркизе рачIана Гьакъо росдал администрациялъул бетIер МухIамад СагIадуев ва школалъул директор СаидмухIамад ЖахIпаров.

Райадминистрациялъул ва районалъул депутатазул Советалъул рахъалъан гIурхъи цIунулезда байрам баркун кIалъазе вахъана МухIамад Сиражудинов.

-ХIурматиял гIурхъи цIунулел! РакI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам- гIурхъи цIунулесул къо. Рагъулаб хъулухъалда жаниб гIурхъи цIунулез ккола хасаб бакI. Нуж ккола ВатIан цIунулел ва гьелъул хIинкъи гьечIолъи чIезабулел унгоунгоял бахIарзал. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъ. Гьеб байбихьаралдаса Россиялъул яргъилал къуваталгун цадахъ гIурхъи цIунулез къоло ичIго нухалъ нахъчIван руго украиналъул яргъилал гIуцIиязул ва диверсантазул Россиялъул ракьалде рорчIиялъе гьарулел къасдал. ЦIакъго жигар бахъулеб букIана гьез нилъер ракьалде жанире рорчIизе Россиялъул президент вищиялъул кампания тIобитIулеб заманалда. Жакъа Украиналъулгун бугеб гIорхъода хIалуцараб ахIвалхIал буго, дагьлъулел гьечIо гьениса гьарулел кьабиял. Амма тушманасда ва гьесул рахъ кколезда лъазе ва бихьизе ккола нилъер къуват, нилъергун Белоруссиялъул аскаразул цоцазе бугеб кумек.

ГIурхъи цIунулезда профессионалияб байрам баркулаго, Россиялъул Президент Владимир Путиница ракIчIей загьир гьабуна гIурхъи цIунулез хасаб рагъулаб операциялъул масъалаби хIинкъи гьечIого, кьвакIун тIуразе рукIиналда. Цоги нухалъ баркула нужеда профессионалияб байрам. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, цIодорлъи, щулалъи ва кьвакIи!»- ян абуна МухIамад Сиражудиновас.

Байрам баркун кIалъазе рахъана кIиябго заставаялъул нухмалъулел, районалъул рагъулаб комиссариаталъул отделалъул нухмалъулев Шагьрурамазан Махаев, культураялъулгун туризмалъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, Гьакъо школалъул директор СаидмухIамад ЖахIбаров.

Данделъи ана рохалида ва аваданго.

**Берцинай КъурамухIамадова**

## ГIабдусаламов Рамазан ГIабдурашидович- КIочIали росдал администрациялъул бетIер



24 маялда КIочIали росдал депутатаз киналго разилъун ГIабдусаламов Рамазан ГIабдурашидович вищана росдал администрациялъул бетIерлъун.

Рамазан гьавуна 1974 соналъул 18 сентябралда Кизилюрт районалъул Комсомольское росулъ.

1991 соналъ лъугIизабуна Агъвали гьоркьохъеб школа, 1994 абилеб соналъ - Дагъистаналъул культураялъул училище.

Армиялда хъулухъ гьабун хадуб, 1996 соналъ байбихьана захIматалъулаб нух лъайкьеялъул системаялда. Гьелдаса нахъе 2024 соналъул 24 маялде щвезегIан хIалтIана гьенивго.

Рамазан ккола РДялъул лъайкьеялъул отличник.

## Баркула



27 маялда гIумрудул 70 сон тIубай кIодо гьабуна гIемерал соназ Агъвали заводалда хIалтIулев вукIарав ГIабдулмажид Меджидовас.

Цадахъ хIалтIулел рукIарал гьудул-гьалмагъзабаз баркулеб буго ГIабдулмажидида юбилей, гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, рохел ва халатаб гIумру.

## Конкурс

# Сулиета Кусова-Чухо ракIалде щвезаюна

Сулиета Аслановна Кусова-Чухо йикIана публицист, культуролог, педагог, Россиялъул журналистазул Союзалъул СМИялда гьарулел этноконфессионалиял цIех-рехазул централъул директор, жамгIиябгун политикияб рахьалъ Кавказалъул вакилзабазул тIокIборчIараб пагьмугьунаралъул чIужугIадан. Гьей гьаюна ва гIуна Адыгеялда, амма профессионалияб цебетIей щвана Кабардино-Балкариялда. Гьений телевидениялда хIалтIана гIемерал соназ. ГIемер рахьана гьелъ Дагъистаналъул росдал гIумруялъул хIакъалъулъ документалиял фильмал, нилъер районалъул хIакъалъулъги бахъана фильм.

Конкурсалъул ккана хадур рехсарал хIасилал:

**ЧIахIиял классазда гьокьоб**

**ГIурус мацI.** 1 бакI - Марьям МуртазагIалиева (7 кл.), 2 бакI -ХIалимат АхIмадова (9 кл.), 3 бакI- Раяна ГIабдулхаликъова (6 кл.).

**МагIарул мацI.** 1 бакI - Расул МухIамадов (9 кл.), 2 бакI-Макка МухIамадова (9 кл.), 3 бакI- Ражаб МухIамадов (9 кл.).

**ЧIамалазул мацI.** 1 бакI - Ражаб МухIамадов (9 кл.), 2 бакI - Батул Мусаева (9 кл.).



2018 соналъул 12 ноябралда МахIачхъалаялда «Кунаки» абураб документалияб фильмалъул иргадулаб фестиваль тIобитIулаго, 67 сонил рагьалда къадаралде щвана гьей. Гьелъул хIурматалда Гъоркьгъаквари чвахелалъе къуна гьелъул цIар. 2019 соналъ гьенире щвана гьелъул яс Элана Кусова жиндирго вацгун ва росгун.

Дагъистан Кавказалъул хвасарлъи кколин абулаан Сулиетаца, гьелда жиндагоги абулаан Кавказалъул эбелилан.

Гьей ракIалде щвеялъе гьал къояз Гъоркьгъаквари росдал школалъул ц1алдохъабазда гьоркьоб тIобитIана литературияб конкурс.

Конкурсалда цIалдохъабаз жидецаго ургъизе кколел рукIана магIарул, гIурус ва чIамалазул мацIазда кучIдул, прозаби, сочинениял ва харбал.

Конкурсалда гIахьаллъана лъебералда кIиго цIалдохъан. Гьенире ахIун рукIана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби бетIералда Зайнаб ГIабдусаламовагун. Гьединго гьенив гIахьаллъана райадминистрациялъул аппаратальул нухмалъулев ТIагьир АхIмадовги.

**Байбихьул классазда гьокьоб**

**ГIурус мацI.** 1 бакI-Расул МуртазагIалиев (2 кл.), 2 бакI-Ясмина МухIамадова (3 кл.), 3 бакI- ТIагьир МухIамадов (4 кл.).

**МагIарул мацI.** 1 бакI - Унайсат Магомаева (3 кл.), 2 бакI-Амина ГIалиева (1 кл.), 3 бакI - ГIайша КъурамухIамадова (1 кл.).

**ЧIамалазул мацI.** 1 бакI - Марьям МухIамадова (3 кл.).

Конкурсалъе жигарчилъи ва спонсорлъи гьабуна Москваялда чIарав тохтур-травматолог МухIамад ГIабдулхабировас.

Бергьаразе ва призеразе къуна гIарцулал сайгъатал, дипломал ва «Вспоминая Сулиету» абураб МухIамад ГIабдулхабировасул тIехь. Гьединго конкурсалъул гIахьалчагIазул щивасе къуна щунус-нус гъурущ.

**ГIубайдула Малачдибиров**

## Колонка прокурора

### Усилена ответственность за нарушения при работе с персональными данными

Принят Федеральный закон от 12.12.2023 № 589-ФЗ «О внесении изменений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях».

Размер штрафа для физических лиц за сбор персональных данных без письменного согласия граждан составит от 10 тыс. до 15 тыс. рублей.

Для должностных лиц штраф составит от 100 тыс. до 300 тыс. рублей, а для юридических лиц - от 300 тыс. до 700 тыс. рублей.

При повторном правонарушении штрафы составят для граждан - 30 тыс. рублей, должностных лиц - 500 тыс. рублей, индивидуальных предпринимателей - до 1 млн. рублей, юридических лиц - до 1 млн. 500 тыс. рублей.

Кроме того, поправками устанавливается размер штрафа за правонарушения при обработке биометрических данных. Ошибки при их размещении и обновлении банками, многофункциональными центрами и другими организациями в государственной информационной системе «Единая система идентификации и аутентификации физических лиц с использованием биометрических персональных данных» повлекут штрафы от 100 тыс. до 300 тыс. рублей для должностных лиц и от 500 тыс. до 1 млн. рублей для юридических лиц.

Федеральный закон вступил в силу 23.12.2023.

* * *

**Пособие по уходу за ребенком будет сохраняться при досрочном выходе из декретного отпуска**

Федеральным законом от 19.12.2023 № 620-ФЗ «О внесении изменений в статью 13 Федерального закона «О государственных пособиях гражданам, имеющим детей» и статью 11.1 ФЗ «Об обязательном социальном страховании на случай временной нетрудоспособности и в связи с материнством» предусматривается сохранение права на ежемесячное пособие по уходу за ребенком в случае, если лицо, находящееся в отпуске по уходу за ребенком, выходит на работу (службу) из такого отпуска ранее достижения ребенком возраста полутора лет (в том числе на условиях неполного рабочего времени, работы на дому или дистанционной работы в соответствии с законодательством Российской Федерации) или в период предоставленного отпуска работает у другого работодателя, а также в случае продолжения обучения.

Федеральный закон вступает в силу с 01.01.2024.

* * *

**Внесены изменения в Федеральный закон «Об образовании в Российской Федерации»**

Федеральным законом от 19.12.2023 № 618-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «Об образовании в Российской Федерации» устанавливается, что при разработке основной общеобразовательной программы организации, осуществляющие образовательную деятельность по имеющим государственную аккредитацию образовательным программам начального общего и основного общего образования, предусматривают применение федеральной рабочей программы по учебному предмету «Труд (технология)».

Закрепляется, что правила внутреннего распорядка обучающихся в организации, осуществляющей образовательную деятельность, устанавливают обязательные к выполнению обучающимися требования к дисциплине на учебных занятиях и правилам поведения в организации. За неисполнение обучающимися этих требований к ним могут быть применены меры дисциплинарного взыскания, за исключением обучающихся по образовательным программам дошкольного, начального общего образования, а также к обучающимся с ограниченными возможностями здоровья.

При этом к обязанностям обучающихся Федеральный закон № 618-ФЗ относит обязанность не использовать средства подвижной радиотелефонной связи во время проведения учебных занятий при освоении образовательных программ начального общего, основного общего и среднего общего образования, за исключением случаев возникновения угрозы жизни или здоровью обучающихся, работников организации, осуществляющей образовательную деятельность, иных экстренных случаев.

Кроме того, предусматривается, что применение физического и (или) психического насилия по отношению к педагогическим и иным работникам организации, осуществляющей образовательную деятельность, не допускается, а также определяются способы защиты прав и законных интересов указанных работников.

Федеральный закон вступил в силу 19.12.2023.

* * *

**О трудовых гарантиях семьям, имеющим трех и более детей.**

Государство поддерживает семей, имеющих трех и более детей, практически во всех сферах жизнедеятельности.

Трудовой кодекс РФ предусматривает гарантии для работников - многодетных родителей.

Так, работникам, имеющим трех и более детей в возрасте до 18 лет, ежегодный оплачиваемый отпуск предоставляется по их желанию в удобное для них время до достижения младшим из детей возраста 14 лет (статья 262.2 ТК РФ).

Кроме того, статья 263 ТК РФ предусматривает, что работнику, имеющему двух или более детей в возрасте до четырнадцати лет, коллективным договором могут устанавливаться ежегодные дополнительные отпуска без сохранения заработной платы в удобное для них время продолжительностью до 14 календарных дней. Указанный отпуск по письменному заявлению работника может быть присоединен к ежегодному оплачиваемому отпуску или использован отдельно полностью либо по частям.

В соответствии со статьями 96, 99, 259 ТК РФ работники, имеющие трех и более детей в возрасте до 18 лет, в период до достижения младшим из детей возраста 14 лет могут привлекаться к работе в ночное время или к сверхурочной работе, направляться в служебные командировки только с их письменного согласия. При этом указанные работники должны быть в письменной форме ознакомлены со своим правом отказаться от работы в ночное время.

Расторжение трудового договора с единственным кормильцем ребенка в возрасте до трех лет в семье, воспитывающей трех и более малолетних детей, если другой родитель (иной законный представитель ребенка) не состоит в трудовых отношениях, по инициативе работодателя не допускается, за исключением отдельных случаев (статья 261 ТК РФ).

**Джамал Джабраилов,** прокурор района

## Консультация

# Льготы и гранты предпринимателям

**Снижение налогов**

Налоговые льготы. До 2027г. действуют нулевой НДС для бизнеса, который открылся после 1 января 2022г. (Закон от 26 марта 2022г ФЗ- 67).

Для впервые или вновь созданных индивидуальных предпринимателей до конца 2024г. действуют налоговые каникулы по УСН (упрощенная система налогообложения). Мера доступна предпринимателям, чья деятельность связана с производственной, социальной и(или) научной сфере, бытовыми услугами и арендой жилья. (П. 4 ст. 346 20 НК РФ).Льгота бессрочная. Субсидии за трудоустройство

Индивидуальные предприниматели, которые относятся к малым и средним предприятиям, платят страховые взносы за сотрудников по ставке 15% с зарплаты выше МРОТ п4 ст.427НК РФ.

**Субсидии за трудоустройство**

За прием специалиста в возрасте до 30 лет заплатят до 3 МРОТ и частично компенсируют страховые взносы. Программа действовала до конца 2023 г. Информации о продлении на 2024г. пока нет. (Постановление Правительства РФ от 24 ноября 2022г.).

**Грантовая поддержка**

Гранты для турбизнеса. Федеральное Агенство по туризму выделяет предпринимателям от 3 до 10 млн руб. Поддержка доступна ИП,которыеля индивидуальным предпринимателям, которые развивают национальные туристические маршруты в том числе и для людей с ограниченными возможностями.

**Грант «Агропрогресс».** Государство финансирует до 25% проекта, но не более 30 млн руб. Предприниматель должен вложить в бизнес не менее 5% собственных средств, остальные можно получит по льготному кредиту.

**Грант «Агростартап».** Предпринимателям выделяютот до 7 млн. руб. на разведение рогатого скота и до 5 млн.руб на остальные направления. Не менее 10% ИП должен профинансировать сам. День можно получить по льготному кредиту.

**Грант «Агротуризм».** Производителям сельхозпродукции выделяют до 10 млн руб. чтобы подготовить территорию, построить здания для туристов и подключения к коммуникациям. ИП должен профинансировать не менее 25% собственных средств.

Грант на развитие семейной фермы. Если у вас работают до 2 членов семьи можно получить до до 30 млн руб. на развитие бизнеса. Но на каждые 10 млн руб. нужно создать от одного рабочего места и сохранить его на 5 лет. Фермерские хозяйства с поголовьем молочного скота 200-400 голов могут получать 50% субсидию на оборудование. Получат субсидию те фермеры, у которых поголовье выросло до 1 тыс. и более животных.

Более подробную информацию можно получать в администрации МР «Цумадинский район». Тел: 8 967 396 01 92.

**Магомед Куратмагомедов**

## Газпром

### Отсутствие договора о техническом обслуживании газового оборудования - основание для отключения газа

Эксплуатация газового оборудования без ежегодного технического обслуживания создает угрозу безопасности потребителя и его окружения. При отсутствии договора на техобслуживание поставщик газа вправе приостановить газоснабжение, даже несмотря на своевременную оплату абонентами потребленного газа. В этом случае возобновление подачи газа возможно только после заключения договора о техническом обслуживании внутридомового/внутриквартирного газового оборудования (ТО ВДГО/ВКГО) и оплаты понесенных расходов на отключение и подключение.

Напоминаем, что владелец объекта недвижимости обязан ежемесячно и в полном объеме оплачивать потребленный газ, а также заключать договор о ТО ВДГО/ВКГО со специализированной организацией.

Регулярная проверка оборудования, которая проводится в рамках договора о техобслуживании, позволяет своевременно выявить неисправности, провести ремонт и не допустить аварийных ситуаций.

**Сапият Акаева**

**Утерянный аттестат о среднем ( неполном) общем образовании А№552183, выданный Тиндинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района 25 июля 1991 года на имя Закарьяевой Маймунат Рашидовны, считать недействительным.**

## Эркенаб гугари

# Европаялъул первенство

20-26 маялда Бакуялда тIобитIана 23 сонил ригьалде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ Европаялъул первенство.

Гьелда гIахьаллъараб Россиялъул тIасабищараб командаялда гьоркьов вукIана щуго Дагъистанияв, гьезда гьоркьоса - лъабго нильер районалъул.

Лъабавго нильергугарухъан мустахIикълъана тIадегIанал шапакъатазе.

61 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Метрадаса Башир МухIамадовас, 74 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI щвана РичIагьанихъа Камил ГIабдулвагьабовасе, мазгарул призерлъун вахъана 92 кг. цIайиялда Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибиров.

Дагъистаналъул командаялъул жеги кIигояв вахана пьедесталалде. Ибрагьим Ибрагьимовас 65 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI, лъабабилеб бакI щвана ГIабдула Къурбановасе (125 кг.).

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## Футбол

# Футбол хIалезул турнир

Гьал къояз Шаваялда тIобитIана Украиналда хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел росуцоязул хIурматалда ва футбол хIалеб стадион рагьиялда бан футболалъул турнир. Турниралда гIахьаллъана Шава росдал поселениялде жанире унел росабазул микьго команда.



Турниралде рачIун рукIана республикаялъул регбиялъул Федерациялъул президент МухIамад ХIажимухIамадов, «ТIинди» СПКаялъул нухмалъулев ХIажимухIамад ГIабдулаев, спорталъул ветеранал ва футбол бокьулел.

Турнир рагьулаго Шава росдал администрациялъул бетIер ГъазимухIамад ХIажимухIамадовас баркала загьир гьабуна стадион баялъе материалияб рахьалъ кумек гьабурал Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловасе, республикаялъул регбиялъул Федерациялъул президент МухIамад ХIажимухIамадовасе ва «ТIинди» СПКаялъул нухмалъулев ХIажимухIамад ГIабдулаевасе.

Турниралъул чемпионлъун бахъана Ургалай росдал команда, кIиабилеб бакI ккуна Цияб-ТIисси командаялъ, лъабабилеб бакIалде ккана Цияб ТIинди команда.

Лъабабго командаялъе кьуна дипломал ва кьиматал сайгъатал. Бергьараб командаялъ ана иргадулаб кубок.

СВОялда гIахьаллъулел росуцоязул рахь ккевеялъе ва росабазда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи цIикIкIинабиялъе сайгъат гьабураб турнир ана гIуцIадго, гьудул-гьалмагълъиялъул ахIвал-хIалалда.

**ГъазимухIамад ХIажимухIамадов**

## Регби

# Регби хIан кIиабилеб бакI щвана




Гьал къояз Нальчикалда тIобитIана 2013-2014 соназ гьарурал лъималазда гьоркьоб регби хIаялъул рахьалъ Югалъул ва Севериаб Кавказалъул федералияб округазул первенство.

Гьениб Дагъистаналъул командаялъе щвана кIиабилеб бакI. Гьезда гьоркьор хIалел рукIана Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби Халилов МухIамад, МухIамадов Аюб ва ХIамзатов Зейд.

Гьел куцалел руго гимназиялъул учитель МухIамад Сулеймановас.

Баркула гIисинал регбистазда бергьенлъи!

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1480
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru